**МИНИСТЕРСТВО ОБРАЗОВАНИЯ И НАУКИ ЧЕЧЕНСКОЙ РЕСПУБЛИКИ**
**ГОСУДАРСТВЕННОЕ БЮДЖЕТНОЕ ОБЩЕОБРАЗОВАТЕЛЬНОЕ**
**УЧРЕЖДЕНИЕ «ЦЕНТР ОБРАЗОВАНИЯ г. ГУДЕРМЕС»**

# Рабочая программа

**учебного предмет**

**«Литературное  чтение на родном (чеченском) языке»**

**1 -  4 класс**

Уровень : НОО

Срок освоения программы:  4 лет  (1-4 класс)

Составитель:  Хасбулатова Раиса Бешериевна учитель чеченского языка и чеченской литературы первой квалификационной категории

**2023-2024 учебный год**

## КХЕТОРАН КЕХАТ

Нохчийн мотт – нохчийн къоман мотт бу, оьрсийн маттаца цхьаьна Нохчийн Республикин пачхьалкхан мотт а бу. Цу гIуллакхо дика хьелаш кхуллу и мотт Iалашбан а, кхио а. 1–4-чу классашкахь «Ненан мотт а, ненан литература» а предметан тобанна йуккъехь хьоьхуш йу «Ненан (нохчийн) маттахь литературин йешар» предмет. Цуо аьтто бо дешархойн кхетам, хIума довзаран, йукъаметтигаш лелоран, исбаьхьаллин-эстетикин говзалла совйаккха, гIиллакх-оьздангаллин хьежамаш кхолла, нохчийн къоман культурина тIеозо.

Йуьхьанцарчу классашна лерина «Ненан (нохчийн) маттахь йешар» предметан белхан программа (кхидIа – Программа) лахахь билгалдаьхначу низаман-бакъонийн кехатийн буха тIехь кечйина йу:

– Россин Федерацин Конституци (26-гIа статья);

– «Россин Федерацехь дешаран хьокъехь» 2012 шеран гIуран беттан 29 дийнан №273–ФЗ йолу федеральни закон (хийцамашца, тIедузаршца);

– 1991 шеран эсаран беттан 25-чу дийнан № 1807–1 йолу «Россин Федерацин къаьмнийн меттанех» Федеральни Закон (хийцамашца, тIедузаршца);

– 2021 шеран хIутосург беттан 31-чу дийнан № 286 йолу Россин Федерацин Серлонан министерствон Приказца тIечIагIйина йолу Йуьхьанцарчу йукъарчу дешаран Федеральни пачхьалкхан дешаран стандарт;

– Кхетош-кхиоран герггарчу хьесапехь программа (йукъарчу дешаран федеральни дешаран-методикин цхьаьнакхетараллин сацамца тIечIагIйина йу (2022 шеран асаран беттан 23-чу дийнан №3/22 йолу протокол);

– Россин Федерацин къаьмнийн меттанаш хьехаран концепци (2019 шеран эсаран беттан 1-чу дийнахь Россин Федерацин Серлонан Министертсвон коллегехь тIечIагIйина йу);

– Йуьхьанцарчу йукъарчу дешаран герггарчу хьесапехь коьрта программа (йукъарчу дешаран федеральни дешаран-методикин цхьаьнакхетараллин сацамца тIечIагIйина йу, 2022 шеран бекарг беттан 18-чу дийнан №1/22 йолу протокол);

– Нохчийн Республикин Конституци (хийцамашца, тIедузаршца);

– «Нохчийн Республикин меттанех» долу Нохчийн Республикин 2007 шеран оханан беттан 25-чу дийнан №16-РЗ йолу закон (хийцамашца, тIедузаршца);

– «Нохчийн Республикехь дешарх» долу Нохчийн Республикин 2014 шеран эсаран беттан 30-чу дийнан №37-РЗ йолу закон;

– 2020 шеран хьаьттан беттан 17-чу дийнахь тIелаьцна болу «Нохчийн Республикин дешар кхиор» пачхьалкхан программи йуккъехь хийцамаш баран хьокъехь» №180 йолу сацам, 2022 шеран бекарг беттан 17-чу дийнахь биначу хийцмашца;

– Нохчийн Республикин тIекхуьу чкъор гIиллакх-оьздангаллица кхетош-кхиоран йукъара концепци (2013 шеран чиллин беттан 14-чу дийнахь Нохчийн Республикин Мехк-Дас тIечIагIйина йу);

– Нохчийн Республикехь нохчийн мотт а, литература а хьехаран концепци (2022 шеран хIутосург беттан 12-чу дийнахь Iилманан Кхеташонан №3 йолчу цхьанакхетарехь тIечIагIйина йу).

«Ненан (нохчийн) маттахь литературин йешар» – гуманитарин дешаран предметашна йуккъехь коьртачарах цхьаъ йу. Цунах доьзна ду дешархочун кхетам а, эстетикин-оьздангаллин тIегIа а кхиар. Литература йешаро гIо до литературин мехалла а, шен кхиарехь йешаро дIалоцу меттиг а хууш волу, шена хетарг йозанан а, барта а къамелехь билгалдаккха а, бух бало а говзалла йолу йешархо кхио. Цул сов, цо йешар марзадо, цунах ша а, дуьне а довзаран, адамашца йолу йукъаметтигийн нийса маххадоран а гIирс бо.

Программо йукъалоцу кхеторан кехат, предмет дIалацаран хила лерина жамIаш а, предметан чулацам а, программин хIора дакъа Iамо лерина сахьташ билгал а дохуш, тематикин планировани а, классал арахьарчу гIуллакхийн план а.

ХIара программа йуьхьанцарчу классийн хьехархошна лерина йу. Хьехархойн шайн белхан хьелашка хьаьжжана хийцамаш бан йиш йу, шайн белхан программаш хIиттош.

## «НЕНАН (НОХЧИЙН) МАТТАХЬ ЛИТЕРАТУРИН



## ЙЕШАР» ДЕШАРАН ПРЕДМЕТАН ЙУКЪАРА БАШХАЛЛАШ

«Ненан (нохчийн) маттахь литературин йешар» дешаран предметан белхан программа кечйина йу йуьхьанцару йукъарчу дешаран программа кхочушйечу ишколашна. Программа тIехьажийна йу дешаран хьукматашна а, хьехархошна а методически гIо дарна, цо таро лур йу:

1) «ненан (нохчийн) маттахь литературин йешар» дешаран предмет хьехаран процессехь Федеральни пачхьалкхан йуьхьанцарчу йукъарчу дешаран стандарташкахь билгалдина долу адаман кхиаран, метапредметни, предметни дешаран жамIаш кхузаманан лехамашца догIуш кхочушдан;

2) «ненан (нохчийн) маттахь литературин йешар» дешаран предметан Iаморан хила лерина жамIаш а, чулацам а ЙЙД ФПДС-ца, йуьхьанцарчу йукъарчу дешаран герггарчу хьесапан коьртачу программица (йукъарчу дешарехула федеральни дешаран-методически цхьаьнакхетараллин 2015-чу шеран 8-чу апрелехь № 1/15 протоколаца йинчу редакцехь) а, кхетош-кхиоран герггарчу хьесапан программица (магийна йукъарчу дешарехула федеральни дешаран-методически цхьаьнакхетараллин 2020-чу шеран асаран беттан 2-чу дийнан № 2/20 йолчу протоколаца бинчу сацамца) а догIуш, дешаран шерашца билгалдан а, структура хIотто а;

3) билггалчу классан башхаллаш тидаме а оьцуш, билггала долу дакъа-тема Iамо лерина дешаран хан а нисйеш, ткъа иштта дешаран материалан дакъош/теманаш дIалацарна тIехьажийна долу дешаран гIуллакхийн коьртачу кепех а пайда а оьцуш, календаран-тематически план хIотто.

Программин чулацам лерина бу ЙЙД ФПДС-ийн «Ненан мотт а, ненан маттахь йешар а» предметашца боьзна болу лехамаш ларбеш, йуьхьанцарчу йукъарчу дешаран Iалашонашка кхачарна.

«Ненан (нохчийн) маттахь литературин йешар» – гуманитарин дешаран предметашна йуккъехь коьртачарах



цхьаъ йу. Цунах доьзна ду дешархочун кхетам а, эстетикин-оьздангаллин тIегIа а кхиар. Литература йешаро гIо до литературин мехалла а, шен кхиарехь йешаро дIалоцу меттиг а хууш волу, шена хетарг йозанан а, барта а къамелехь билгалдаккха а, бух бало а говзалла йолу йешархо кхио. Цул сов, цо йешар марздо, цунах ша а, дуьне а довзаран, адамашца йолу йукъаметтигийн нийса махкадоран а гIирс бо.

ЙЙД ФПДС-ша йукъара дешаран программин декъехь «Ненан маттахь литературин йешар» предмет Iаморехь хьалха хIитточу декхаршка хьаьжжана, карарчу курсан коьрта Iалашонаш бигалйаха йиш йу: нохчийн литературо Россин Федерацин культурехь дIалоцучу меттигах, цуьнан мехаллах кхета Iамо; цхьана чкъуро кхечуьнга оьздангаллин, эстетикин, историн, культурин мехаллаш дIакховдорехь цо дIлоцу меттиг гайта; шен къоман фольклоро а, исбаьхьаллин литературо а ша вехачу субъектан культура, гIиллакх-оьздангалла, эстетикин кхетам кхолларехь дIалоцу меттиг бовзийта; шен къоман литература халкъан коьрта культурин, оьздангаллин мехаллех цхьаъ йуй хаийтар, иза дахар довзаран цхьа некъ санна, къоман а, пачхьалкхан а культурин дакъа санна, синъоьздангаллин мехаллаш, ламасташ лардаран, даржоран гIирс санна, дуьненах, къоман историх, культурех хьежам кхуллу искусство санна йовзийтар.

«Ненан (нохчийн) маттахь литературин йешар» курсан бухе йиллина нохчийн литературо чулоцург къоман культурин ламастийн мехаллийн кодийн система йу боху ойла йу. Нохчийн къоман культурин ламасташ Iалашдаран гIирс хилла ца Iаш, нохчийн литература зIе йу къоман дIадаьлларг, карарниг, хиндерг вовшашца дузуш а, кегийчу дешархойн кхетаме и дуьллуш а.

Дешаран предметан чулацам классал арахьарчу гIуллакхашкахь а бовза йиш йу (Йуххедиллар 1). «Ненан

(нохчийн) маттахь литературин йешар» предметаца доьзна классал арахьара гӀуллакхаш дешархойн башхаллашка, лехамашка хьаьжжана кечдан а, дӀадахьа а деза. Иштта программи йукъахь йу классал арахьа йеша леринчу говзарийн а, дагахь Ӏамо леринчу говзарийн а цӀераш (Йуххедиллар 2). Амма хьехархочо шен лаамехь билгалйаха йиш йу и говзарш.

## «НЕНАН (НОХЧИЙН) МАТТАХЬ ЛИТЕРАТУРИН ЙЕШАР» ДЕШАРАН ПРЕДМЕТ ӀАМОРАН ӀАЛАШОНАШ



«Ненан (нохчийн) маттахь литературин йешар» предмет Ӏаморан **Ӏалашонаш** йу:

– Нохчийн литературе а, нохчийн матте а къоман культурин мехалчу декъе санна ойла кхолла;

– Дешархой шайн къоман культурин-меттан экъанна йукъабалор а, уьш къоман ламасташна а, культурин тӀаьхьалонна а, кхузаманан хьелашна а йукъаозор;

– Чкъурашна йукъарчу зӀенах кхетар, нохчийн культура Ӏалашйарна шаьш жоьпалле хиларх ойла кхиор; – Йешаран говзалла кхиор.

Цу Ӏалашонашка кхачаро хӀара **декхарш** цхьалхадоху:

– Россин гражданаллин идентичностан баххаш кхоллар, шайн Даймахках а, Россин халкъах а, Россин халкъийн цхьаалехь мехкан исторех а дозалла дан Ӏамор, шаьш муьлхачу къомах ду кхетор; Россин дукхакъаьмнийн йукъараллин мехаллаш кхоллар;

– Нохчийн къоман историко-культурин зеделлачун тӀалам бан Ӏамор, дешархочунна шен къоман культурин-меттан хьал довзийтар; йуьхьанцарчу классийн дешархочунна нохчийн литература историко-культурин, оьздангаллин, эстетикин мехаллийн хьоста санна йезайалийтар;

– Нохчийн литературехь гайтина йолчу нохчийн синкхетамна ладаме йолчу гӀиллакз-оьздагнгаллийн мехаллех хьежам кхоллар;

– Нохчийн литературин говзарш Ӏаморан буха тӀехь нохчийн меттан исбаьхьаллин-эстетикин таронех хаарш совдахар;

– Адаман амал кхиарехь а, къамел шардарехь а даима йеша хьагам кхоллар;

– Тайп-тайпанчу текстийн чулацаман а, башхаллин а мах хадоран йешаран хаарш шардар, уьш йийцаре йарехь дакъалацар;

– Къамел даран йерриге а кепаш кхиар, йешначух лаьцна барта а, йозанца а дийца хаарш карадерзар.

## «НЕНАН (НОХЧИЙН) МАТТАХЬ ЛИТЕРАТУРИН



## ЙЕШАР» ДЕШАРАН ПРЕДМЕТАН БЕЛХАН ПРОГРАММИН ЧУЛАЦАМАН КОЬРТА ЛИНИШ

«Ненан (нохчийн) маттахь литературин йешар» дешаран предметан программехь белла чулацам бу, и теллича нохчийн литературин къоман-культурин башхалла а; нохчийн меттан а, нохчийн литературин а Нохчийн Республикин а, Россин а историца, нохчийн къоман материале а, синбахаман а культурица а йолу зӀе а йаста некъ лур бу. Курс лерина йу йуьхьанцарчу классийн дешархойн литературин а, культурин а хьежам шорбан; йуьхьанцарчу классийн дешархойн йешаран жигарчу гонна йукъайогӀучу фольклоран а, нохчийн классикийн а, нохчийн кхузаманан литературин а говзарша таро ло дешархошна адамаллин мехаллашкахь нохчийн культурин а, къоман синкхетаман а коьртачу баххех кхетам бала. Йуьхьанцарчу классийн дешархошна йеша а, талла а схьакховдийначу нохчийн литературин говзарша схьагойту нохчийн къоман культурин тайп-тайпана агӀонаш, жигарайоху даимлера мехаллаш (дикалла, доглазар, синшорто, къинхетам, эхь-бехк, бакъдерг, доьзалан мехаллаш, патриотизм, баккхийчаьрга ларам, адамалла, и. кх.дӀ.).

Кху программехь «Ненан (нохчийн) маттахь литературин йешар» курсан башхалла кхочушйина кху бахьанашца:

а) нохчийн къоман амал, Iадаташ, ламасташ, нохчийн культурин синбахаман мехаллаш, адамаллин мехаллаш а, эхь-бехк а гойтуш долу говзарш схьахаржарна;

б) нохчийн йаздархойн нохчийн бераллин дуьне гойтучу говзарш тIе тидам бахийтарна: доьзалехь бер кхетош-кхиоран башхаллаш, баккхийчаьрца а, нийсархошца а цуьнан йолу йукъаметтигаш, беро шена гонахара дуьне тIелацаран башхаллаш.

«Ненан (нохчийн) маттахь литературин йешар» Iаморо гIо дийр ду дешархойн мотт хьал долуш барна а, церан къамелан культура а, хьасене бовларан хаарш шардарна а. Шена тIехь программин проблемно-тематически блокаш хIитточу дидактически материалана культурно-исторически тIедалорах а пайдаоьцу. ХIор проблемно-тематически блока йукъайогIу



нохчийн къоман синбахаман а, материале а культура гойтуш болу кхетамаш. Программехь йеллачу говзарийн чулацам йуьхьанцарчу классийн дешархочун лехамашна гонаха хIоттийна бу, хаьржинчу говзарийн башхаллашкахь гуш а бу.

## «НЕНАН (НОХЧИЙН) МАТТАХЬ ЛИТЕРАТУРИН ЙЕШАР» ДЕШАРАН ПРЕДМЕТАН ДЕШАРАН ПЛАНЕХЬ МЕТТИГ

«Ненан (нохчийн) маттахь литературин йешар» предметана программа йуьхьанцарчу йукъарчу дешаран Федеральни пачхьалкхан дешаран стандартехь гайтинчу дешаран программа дIалацаран жамIийн предметни лехамийн буха тIехь хIоттийна а, 270 сахьтан (66 сахьт I-чу классехь а, 68 сахьташ 2–4-чу классашкахь) бараман дешаран йукъарчу тIедилларна лерина а йу. Программин инвариантни дакъа Iаморна луш дешаран 233 сахьт ду. 37 дешаран сахьтах лаьтташ йолу дешаран тIаьхьалонан хан программин вариативни декъана дIало, цо йукъалоцу авторийн Iаматийн линейкина оьшу белхан программа хIоттийнчу авторша къастийна говзарш.

## «НЕНАН (НОХЧИЙН) МАТТАХЬ ЛИТАРЕТУРИН ЙЕШАР» ДЕШАРАН ПРЕДМЕТАН ЧУЛАЦАМ

«Ненан (нохчийн) маттахь литературин йешар» курсан чулацам билгалбечу хенахь коьртачу тидамехь ду:

1. Къоман кхетамна мехала долу, йеххачу хенан йохалла – кхузамане кхаччалц – культурехь коьрта меттиг дIалоцу хIуманаш (масала, баккхийчаьрга, нене ларам, Даймахке безам, догдикалла, доглазар, нийсо йезар, эхь-бехк, сий, и.кх.дI.) Цу коьртачу кхетамашца болх дIахьо йуьхьанцарчу классийн



дешархоша дIалоцур долчу кепара хаьржинчу нохчийн йаздархойн уггаре а къегинчу, нохчийн литературин а, культурин а башхаллаш кхочушйинчу говзарш тIехь. И говзарш йовзаро гIо до йуьхьанцарчу классийн дешархошна къоман культурин ламастех а, нохчийн культурех а кхета.

2. Йуьхьанцарчу классийн дешархойн лехамаш: говзарийн доккхачу декъан турпалхой йуьхьанцарчу классийн дешархойн нийсархой бу, церан дуьне довзарца босту программехь билгалбина культурно-историн кхетамаш. Программи йукъайахийтина тайп-тайпанчу заманашкахь берийн дуьне гойту а, церан кхиаран некъаш а, амал йахчайалар а, оьздангаллин къилбанаш кхолладалар а гойту говзарш; говзарш харжаро дешархочунна таро ло историн тайп-тайпанчу муьрашкахь нохчийн культура шен нийсархочун бIаьргашца ган. Программехь ладамечу барамехь йелла кхузаманан авторийн говзарш а йу, цара шайн кхолларалехь кхидIа хьо нохчийн литературин къоман ламасташ, и говзарш кхузаманан дешархочунна гергара йу.

3. Къоман башхаллин хиламаш искусствон кхечу гIирсашца гайтина говзарш а хаьржина, цо таро ло дешархошна нохчийн культурехь искусствийн диалог гайта.

Цхьадолу декхарш кхочушдан лерина дешаран материал хаьржина гуманизнам, исбаьхьаллин а, довзаран а мехаллийн, кхеташ хиларан, жигараллин, поликультурин, ламасталлин классикин а, кхузаманан бараман цхьаьнадаран, тематикин, кепийн-жанран тайп-тайпаналлин критеришца йогIуш.

Программо билгалбечу йешаран гуоно таро ло тайп-тайпанчу хенийн а, къаьмнийн а говзарийн куьзганахула беран дуьненехьежаман гураш жим-жимма шордан.

Программехь и масех бухедилларца билгалбо. Хьалхара шиъ доьзна ду йешаре ойла а, йешаран техникин хаарш кхиоран хьелаш а кхолларца. Иштта, и хаарш кхиоран йуьхьанцарчу муьрехь уггаре а хьалхарчу рогIехь йу байтийн а, прозин а йух-йуха олуш дешнаш, дешнийн цхьаьнакхетарш предлоджениш, абзацаш йолу teксташ (йешаран техникин говзалла кхиочу хенахь мехала долчу йешаран кхиаме хилар тардалийтаран Iалашонца); ткъа иштта кхиаме ду забаре чулацам болу сихха хазахетар йа велар кхолладолуьйту тексташ лелор а, (хIунда аьлча, цу хенахь забар йевзаш хиларо эстетикин синхаамаш гучубахар кхиадо) йешаран мукъам кхиоран Iалашонца. Дешаран хIор шеран тексташ схьахаьржина йу цу хенан берашна тIелаца ата хилар тидаме а оьцуш. Текст схьахаржаран



кхидолу бухедахкарш доьзна ду исбаьхьаллин дешан фольклорна кепашкара авторийн литературе кхаччалц кхиаран логика ларйаран цаторийла хиларца; билггала долу оьздангаллин а, эстетикин а декхарш кхочушдан цаторийла хиларца, царах коьртаниш билггал йолчу оьздангаллин-эстетикин концепцига доьрзу, и концепци дешара деа а шарахь кхиош схьайалайо; жанрийн а, тематикин тайп-тайпаналла хилийтаран кхачойаран а, фольклоран а, авторийн говзарийн а, вайн мехкан а, дозанал арахьарчу йаздархойн говзарийн а, берийн литературин классикийн а, XX-чу бIешеран чаккхенан – XXI-чу бIешеран йуьхьан кхузаманан берийн йаздархойн говзаршна йукъахь а барам ларбаран а цаторийла хиларца.

Йешаран гIуллакх кхиоран процессан чоьхьарчу логикица доьзна, «Литературин йешар» курс шинатIегIанехь хIоттийна йу.

Хьалхарчу тIегIанехь хьалхадаккха дезарг йешаран корматалла шарйар ду, шолгIачу тIегIанехь – дешархошна литературин говзалла карайерзор. 1-2-чу классашкахь йеша Iамадо; кхетар тIехь, нийса йешарна, сиха а, къаьсташ а йешарна тIехь болх; йешначун кхолларалин маьIна дан тайп-тайпана некъаш кхиор (графикин, дешан а, музыкин а иллюстрировани, драматизаци, ма-йарра а, йукъ-йукъара а, кхолларалин йухасхьайийцар). Цуьнца цхьаьна йуьхьанцарчу классашкахь дIаболабо йуьхьанцарчу классийн дешархойн литературин дешара тIехь болх.

«Литературин йешар» предмет Iаморан шолгIа тIегIа 3-4 классашна кхочу, цигахь йеша хааро зазадоккху, эстетикин йешаре а, талламан йешаре а декъа а луш.

«Литературин йешар» программа хIотточу хенахь тидаме эцна школал хьалхьалхарчу педогогикин а, йукъарчу йукъардешаран школашна леринчу «Нохчийн литературехула герггарчу белхан программин» зIейалорах а.

Программо таро ло йалийнчу спискера говзарш дешархойн кечаман тIегIанца догIуш харжа, ткъа иштта курсан чулацаман вариативни компонент харжа а, белхан программашкахь и кечйаро могуьйту тематикица а, проблематикица а герга йолчу



говзаршкахь къоман башхаллаш а, йукъара дерг а къасторан Iалашонца Россин халкъийн литературе кховдар. Ткъа иштта программо таро ло Iаматийн авторшна йа дешаран цхьаьнакхетараллашна вариативни декъехь Iамон говзарш харжа.

## 1 класс

«Нохчийн литература. 1 класс» дешаран пособи 20 сохьтана лерина йу. Цу йукъайогIу берийн гонахьарчу дуьненах долу хаарш совдаха, нийса йешаран говзалла лакхахйаккха, къамел кхио, талламан интерес совйаккха, доьзалан мехаллех, Даймахках доттагIаллех, Iаламах болу кхетам кхолла, шорбан лерина халкъан а, исбаьхьаллин а говзарш. Дешаран пособин

программел хьалха «Абатан» программа кхочушйина хила йеза: элпаш Iамор, дакъошца йешар Iамор, «Пачхьалкхан а, къоман а символика», «Даймохк», «доттагIалла», «вайн турпалхо» кхиболу буххера кхетамаш бовзуьйту тексташца болх бар.

**Нохчийн халкъан барта кхолларалла**

Дагардарш, чехкааларш.
Аганан эшарш.
ХIетал-металш.
Нохчийн халкъан туьйранаш:
Туьйра «Цхьогаллий, пхьагаллий».
Туьйра «Цхьа буьртиг».
Туьйра «Тамашийна йоI».
Йешаран бакъонаш. Туьйра.

**ХIара доккха дуьне**

Мамакаев А. Байт «БIаьсте, бIаьсте».
Кибиев М. Байт «Орга».
Ахмадов М. Байт «Писулиг».
Абубакарова П. Туьйра «Дей, буьйсий».
Гацаев С. Байт «Борз».
Яшуркаев С. Байт «Ларло!».
Махмаев Ж. Дийцар «ЦIахь йац, алахьа».
Вагапов А. Байт «Терахьаш».



Макалов Ш. Байт «Йола бIаьсте». Йешаран бакъонаш. Дифтонгаш.

**Кхечу къаьмнийн литература**

Сладков Н. Туьйра «Наб муха йо?» Гочдинарг – Джанаралиев I.
Сутеев В.Г. Туьйра «Кхо цициг-кIорни» Гочдинарг – Петирова П.
Осеева В.А. Дийцар «Цхьаьна» Гочдинарг – Петирова П.

**2 класс**

**Долоран дарс.** Демеев А. Байт «Нохчийчоь».
**«Уггар дика доттагI – жайна»** Ахмадов М. Байт «Жайна». **«Нохчийн халкъан барта кхолларалла»** Дагардарш.
Чехкааларш.
ХIетал-металш.
Кицанаш. *Нохчийн халкъан туьйранаш* «Бабин ЧIирдиг».
«Зуьно дина хIилла». «Газа-гуьзалгаш».
*Самукъане агIонаш* Дов дIадоккхуш олу дешнаш.
Бер хьостуш олу дешнаш.



Махмаев Ж. Байт «Сан пIелгаш».
Мамакаев Э. Байт «ХIорд дуьрий бен хуьлуш бац».
Эдильсултанов А. Байт «Маьлхан зIаьнар».
Юсупов А. Байт «Муха кхиъна туьйранаш».
Хатуев А.-Х. Байт «ЭтмаьIиг».
Ахмадов М. Байт «Самукъане абат». Демеев И. Байт «ХIун де ас?»
Хатуев А.-Х. Байт «Iа дIадели».

**«Сан Даймехкан коьрта гIала»**

Макалов Ш. Байт «Соьлжа-ГIала».
Хасаров Ш. Байт «СтиглагIала».
Яшуркаев С. Байт «Светофор».
**«Дашо гуьйре»** Макалов Ш. Байт «Гуьйре».
Сейлмуханов М. Байт «Деса Iалам».
Тапалаева А. Туьйра «Малонча».
Батаева Х. Байт «Гуьйре».

«Рифма».

Абубакарова П. Байт «Дешнех ловзар».

**«Деша журнал «СтелаIад»!**

Макалов Ш. Байт «СтелаIад».

Толстой Л. Текст-ойла «ХIорда чуьра хи стенга доьду?» Гочдинарг – Бадаева I.

Юсупов I. Байт «Дита хьоза».

Бераша олу… «СтелаIодан» дошам.

**«Сан доьзалан йовхо»** Сулейманов А. Байт «Нана».

Гайсултанов I. Дийцар «БIоба эккхор».

Демеев I.Байт «Дадин зезаг».

Шамилов С. Туьйра «Жима цIа».

Махмаев Ж. Дийцар «Деза денош».

*Самукъане агIонаш*

Гацаев С. Байт «Жимачу кIентан ойланаш». «Нийса а, тIееъна а маьIна».

**«Марша да хьо, керла ло!»**

Кагерманов Д. Байт «ГIура-Дада».

Тапалаева А. Туьйра «Керла Шо кхана хир ду».

Хатуев I.-Хь. Байт «Керла ло».

Гадаев М.-С. Байт «Жимачу кIентан илли».

Сейлмуханов М. Байт «Хьоза».

Яралиев Ю. Дийцар «КIайн Iахар».

*Самукъане агIонаш* Мамакаев Э. Байт «Гуди».

**«Ваха Iама»**

Аболханов Хь.Байт «Ваха Iама».

Махмаев Ж. Дийцар «Дика лар».

Хатуев I.-Хь. Байт «Теша».

Ахмадов М. Дийцар «Дада волчохь, йуьртахь».



Яралиев Ю. Байт «Марха къобалдойла».

**«Вайн кегий доттагIий»** Демеев I. Байт «ГIаз».

Хасаров Ш. Байт «Жима кхор».

Хасаев Хь. Дийцар «Лийчар».

*Самукъане агIонаш*

Сакаева М. Байт «Кертахь лелаш нIаьна йу».

**БIаьсте йогIу, бIаьсте йогIу!**

Сатуев Хь. Байт «БIаьсте йогIу».

Демеев I. Байт «Сан совгIат».

Цугаев С. Байт «Со мамел хьалха хьалагIоттур йу…».

Макалов Ш. Байт «Сийна бIаьсте».

Бексултанов М. Дийцар «БIаьстенан дийнахь».

Сейлмуханов М. Байт «Кхечи бIаьсте». *Самукъане агIонаш*

Талхадов Хь. Байт «БIаьсте».

Арсанукаев Ш. ХIетал-металш. **«Даймохк»**

Ахмадов М. Байт «Даймохк».

Бексултанов М. Дийцар «Даймохк бохург хIун ду?».

Абубакарова П. Байт «Соьлжа-ГIала».

Окуев Ш. Байт «Даймохк».

Батаева Х. Байт «КIиран ворхI де».

Анзорова Б. Байт «Турпала Ханпаша».

**«Аьхке»** Макалов Ш. Байт «Аьхке».

Магомаева М. . Дийцар «БаI».

Макалов Ш. Байт «Къоршкъари».

**«Кхечу къаьмнийн литература»**

Толстой Л. Туьйра «Воккха стаггий, хинаний». Гочдинарг – Бисултанов А.

Вежарий ГриммгIар. Туьйра «Хударан кхаба». Гочдинарг – Муртазов I.

## 3 класс



**Долоран дарс.**

Макалов Ш. Байт «Ларделаш латта».

**«Кхетаман орам»** Демеев I. Байт «Кхетаман орам».

Жайнех а, йешарх а лаьцна хьекъале аларш.

Нохчийчоьнан коьрта библиотекаш.

**«Гуьйре»**

Гацаев С. Байт «ДогIа догIуш ду».

Сакаева М. Байт «Йац хьо, гуьйре, дагна чевне».

Хасаев Хь. Дийцар «Шийла Iуьйре».

Сулейманова З. Байт «ГIаргIулеш».

**«Берийн йаздархой»**

Гайсултанов I. Дийцар «Iалам хаздан деза».

Саракаев Хь. Байт «Дика кIант Муса».

Кагерманов Д. Байт «Маьлхан хIуш».

Махмаев Ж. Туьйра «ГIуоралгаш».

**«Йаздархойн туьйранаш»**

Гелагаев С.-М. Байт «Туьйранан новкъадалар».

Дикаев Б. Туьйра «КIайн полларчий стенга даха-те?».

Сулейманова З. Туьйра «Догмайра Шахьсан».

Тапалаева А. Туьйра «Массарна дерг – ловзар».

**«Хиндолу хьоза бенахь дека»** Магомадов М. Дийцар «Дуьххьарлера толам».

Дакаев С. Байт «Дош».

Гайсултанов I. Дийцар «ЯрагIи».

**«Жима, доккха дуьне»** Батаева Х. Байт «Хьуьно патар хецна…».

Мамакаев Э. Байт «Iелий, киттий, аьпашший».

Пашаев Н. Байт «Барзо диъна моз».

**«Iалам» – 4 ч.**

Гацаев С. Байт «Хьуьнхахь».

Ахмадов М. Туьйра «ГIундалгIеш, цIазамаш, муьргаш, комарш».

Гелагаев С. Байт «Олхазарийн къамел».

Мамакаев М. Байт «Хьуьнан илли».

**«Iа»**

Ахмадов М. Байт «Керла Шо».

Дикаев М. Байт «Iаьнан бIаьргаш».

Умхаев Х. Байт «Шийла Iа».

Алиев М. Дийцар «Пхьар». «Метафора».

ДоттагIалла

Макалов Ш. Туьйра «Кхо полла».

Бексултанов М. Дийцар «ДоттагIа».

Демеев I. Байт «ДоттагIчуьнга кехат».

**«Кхечу къаьмнийн фольклор»**

Оьрсийн халкъан туьйра «Тамашийна тамаша, Iаламате Iаламат».

Гуьржийн халкъан туьйра «Уггар нуьцкъалниг».

Iарбийн халкъан туьйра «Синдбад-ХIордахо».

Эстонхойн халкъан туьйра «ХIунда ду пхьагалан балда даьттIа?».

**«ГIиллакхан гIала»** Расумов В. Дийцар «ГIиллакхан гIала».

Закриев И. Дийцар «Пеша уллехь къамелаш».

Ахмадов М. Байт «Марха досту де».

**«БIаьсте»**

Бексултанов М. Рассказ «БIаьсте».

Сейлмуханов М. Байт «Зезагаш».

Хасаев Хь. Дийцар «Баркалла».

Ахмадов М. Байт «БIаьстенан ловзар».

Гайсултанов I. Дийцар «ЧIегIардиган бен».

**«Нохчийн махкахь»** Бухадиев М. Байт «Нохчийн махкахь».

Пашаев Н. Байт «Даймахке марзо».

Хамидов А.-Х. Байт «Зезаг ду бацалахь лепаш…».

Абдулаев Л. Байт «ХIораннан а шен мотт бу». Батаева Х. Байт «Йовза кIорнийн цIераш».

Бексултанов М. Дийцар «Турпалхо мила ву?».

Ахмадов М. Дийцар «ТІергІан пазаташ».

Анзорова Б. Байт «Ма гойла».



**«Нохчийн фольклор»**

Туьйра «Маьлхан а, бухІанан а къовсам» Туьйра «КхорбІелиг».

Кица «Ден весет».

Туьйра «Къинхетаме кІант».

Туьйра «Таллархо».

**«Аьхке»** Хатуев А.-Х. Байт «Аьхке».

**4 класс**

**«Сан хьоме дай баьхна латта»**

Мамакаев М., Гадаев М.-С., Сулейманов А.

Дакаев С. Байт «Нохчийчоь».

Мусаев С. Дийцар «Орамаш».

Шайхиев І. Байт «БІаьвнаш».

Ахмадов М. Байт «Нохчийн шира кхерчаш».

**«Вай дуьнен чохь деха…»** Яралиев Ю.

Кица «ВорхІ лам».

Макалов Ш. Туьйра «Маьлхан хьехам».

Бексултанов М. Дийцар «Баьпкан цуьргаш».

Цуруев Ш. Байт «ДоттагІий-бІаьвнаш».

**«Исбаьхьа Іалам нохчийн поэзехь»**

Мамакаев М. Байт «Гуьйре».

Арсанукаев Ш. Байт «Гуьйренан тІуьначу бешахь ду тийна…».

Гацаев С. Байт «Суна хьуьнхахь деши гира…».

Айдамиров А. Байт «Аьхкено кхелина дитташ…».

Кибиев М. Байт «Ломахь Іа».

Жумалаева Л. Байт «Буьйсанан илли».

Мамакаев І. Байт «БІаьстенан йуьхь».

Саидов Б. Байт «БІаьсте.

Окуев Ш. Байт «Тхи».

**«Бераллин туьйра» .**



Пашаев Н. Байт «Библла».

Дикаев М. Байт «Нохчийн хІусам».

Курумова С. повесть йуккъера кийсакаш «Ца йиначу ненан хІусамехь».

Гадаев М.-С. Дийцар «ДоттагІ».

Эдилов Х.-М. Байт «Ло ду догІуш».

Эльдерханова З. Дийцар «Дашо хьаьжкІаш». Ошаев Х. Пьеса «Полла».

**«БІе эзар дика гІуллакх»** Ахмадов М. Туьйра «БІе эзар дика гІуллакх».

Тагаев С.-Х. Дийцар «Хьаьрса доттагІ».

Рашидов Ш. Байт «ГІаргІанаш».

Берсанов Х.-А. Дийцар «Кхерам».

**«Бовза, беза вайн Даймохк»** Легенда «Къоьзан-Іам».

Легенда «Муха хІоьттина ГаланчІожара Іам».

Легенда «Муха кхолладелла Терк».

Ахмадов М. Байт «Нохчийн хиш».

**«Исбаьхьчу Іаламан къайленаш»**

Махмаев Ж. Байт «Іаламан тидамаш».

Яшуркаев С. Байт «Полларчийн вай даьлла».

Яралиев Ю. Дийцар «Хьаьмцан маса лаг хуьлу?».

Дикаев М. Байт «Лай кІелахь кхиъна буц». Чантиев І. Туьйра «Искогберггий, чІарий».

Хасаев Хь. Дийцар «Аьхке».

Бексултанов М. Дийцар «Гуьйре».

**«Даймехкан декхаро гІаттийна вогІу со»** Сулейманов А. Поэми йуккъера кийсакаш «Дахаран генаш» Шейх-Мансурах текст.

Умхаев Хь. Байт «Мансур-Шайх».

Илли – нохчийн фольклоран жанр.

Халкъан предани «Адин Сурхо».

Мусаев С. Дийцар «Дахар маьрша хилийта…».

Шерипов Асламбеках текст.

Ахмадов М. Дийцар «Даймехкан мукъам».

Сулейманова З. Байт «Эсамбаев Махьмудна».

Айдамирова М. Дийцар «Жима верас». **«Ненан мотт»**

Ахмадов М. Дийцар «Кхаа дашах дийцар».



Абдулаев Л. Байт «Ненан мотт».

Гелагаев С.-М. Байт «Шовдано боху соь…».

**«Суна сирла дахар деза»** Рашидов Ш. Байт «Суна сирла дахар деза».

Батаева Х. Байт «Жимачу йоьIан гIан».

Абдулаев Л. Дийцар «Нана, бIаьсте…». **«Фольклор»** Предани «Беттаса».

Туьйра «Майра кIанта».

Предани «Берзан дуй».

**«Кхечу къаьмнийн литература»**

Боллигер М. Дийцар «ТIай». Гочдинарг – Хаджиева З. Леонардо да Винчи. Кица «Мотт а, цергаш а». Гочдинарг – Гайтукаев А.

**Дерзоран дарс**

Кусаев А. Байт «Сан доттагIий».

Классашка бекъначу Iаморан чулацамна улле тоьхна Iаморан процессан гIуллакхаллин лахахь далийна тIедузарш ду.

## ЛадогIар

Нохчийн меттан хьоле хилар а, къоман культурин мехаллаш а гойтуш йолу исбаьхьаллин говзарш лерсица схьалацар а, царах кхетар а; лерсино схьалаьцначу текстах лаьцна деллачу хаттаршна жоьпаш дала хаар а, лерсино схьалаьцначу текстан чулацамца хаттарш дан хаар а.

## Йешар

*Хезаш йешар.* Дешдакъошца йешарна тIера жим-жимма довлуш дийнна дешнаш шера а, кхеташ а деша хаарна тIедовлар (текстах кхета таро лучу йешаран индивидуальни боларца догIуш йешаран чехкалла (масалла). Йешаран орфоэпически барамаш ларбар. Кепана а, тайпанна а цхьатера йоцучу текстийн маьIнийн башхаллаш аз айдеш хийцарца схьагайтар.



*Дагахь йешар.* Барамца а, жанраца а тIелаца аттачу говзарийн маьIнех дагахь йоьшучу хенахь кхетар. Йешаран тайп-тайпанчу кепийн башхаллех кхетар.

*Халкъан барта кхоллараллин говзарш йешар*: нохчийн фольклоран текст къоман ламастийн а, мехаллийн а хьоста санна.

*Исбаьхьаллин говзарийн告 тексташ йешар*, шайна чохь бIеннаш шерашкахь схьайеана йолу къоман синкхетамна ладаме йолу гIиллакх-оьздангаллин мехаллаш а гойтуш йолу: Даймахке безам, тешам, нийсо, сий, къинхетам, догдикалла, догцIеналла, къинхегамна тIера хилар, бакъо, майралла, и. кх.дI. Нохчийн къоман ламасташ: цхьаалла, вовшийн гIо дар, хьаша-да тIелацар, и. кх.дI. Доьзалан мехаллаш: баккхийнаш ларар, «нана», «да», «дада», «баба», «йиша», «ваша» бохучу дешнийн мехалла, вовшийн ларар, безам, вовшех кхетар, терго, собар, да-нана ларар. Нохчийн литературехь халкъан ламасташ а, Iадаташ а гайтар.

*Нохчийн бераллин дуьне*: кхиар, гонахарчу дуьненаца, баккхийчаьрца, нийсархошца йолчу йукъаметтигийн башхалла; ша нохчийн Iадаташ дIакхоьхьург а, орамашца зIе а хиларх кхетар. Турпалхойн леларийн синхаамийн-оьздангалилн мах хадор.

*Нохчин литерурин башхаллех кхетар*: турпалхочун чоьхьара дуьне деллар, цуьнан лазамаш бовзар; оьздангаллин проблемашка кховдар. Iаламан дуьненах болу нохчийн къоман поэтически хьежам (малхе, арене, хьуьне, хига, ломе, дитте, дийнатийн дуьнене, и.кх.дI.) нохчийн поэзехь а, прозехь а. Гонахарчу дуьненан хьал адаман синхаамашца дустар.

*Хаамийн тексташ йешар*: говзаршна историко-культурин комментарий, Iамочу говзарийн авторийн биографех къаьстина хаамаш.

### Къамел дар (къамел даран культура)

Диалоган а, монологан а къамел. Йешна тексташ коллективехь йийцаре йарехь дакъалацар, текстана тIе а тийжаш, шен хьежам тIечIагIбар; нохчийн исбаьхьаллин литературин специфика гойтуш долу аларш. Дешнийн тIаьхьало йузар (дешнаш хаар тIедузар). Хезна йа йешна йолу текст коьртачу дешнашна а, текстана йолчу иллюстрацишна а тIе а тийжаш, схьайийца (текст ма-йарра, йоцца, харжамца схьайийцар).



Дешаран хьелашкахь къоман къамелан культурин бухехь йолу гIиллакхан кепаш а, чIагIйелла формулаш а, хьасене хиларан принципаш а ларйар.

Дешархойн харжамца байташ дагахь йийцар.

### Йоза (йозанан къамелан культура)

Iамочу говзаршкахь хIиттийнчу проблемашкахула доцца йозанан аларш кхоллар (кечдар).

### Библиографин культура

Йийцаре йечу проблематикица йогIу киншкаш харжар, цу йукъайогIу Iаматехь йалийна йолу шаьш йеша билгалйина говзарш. Нохчийн культурех хаамаш болу дешархойн хенаца йогIучу дошамех а, энциклопедих а пайдаэцар.

### Литературоведенина йукъадалор

Текстан анализ йечу хенахь Iамийнчу литературин кхетамех пайдаэцар.

Iамочу говзарийн жанрийн тайп-тайпаналла: фольклоран кегий а, йаккхий а кепаш; литературин туьйра; дийцар, притча, байт. Прозин а, поэзин а къамел; исбаьхьаллин кхоллар; сюжет; тема; говзаран турпалхо; портрет; пейзаж; ритм; рифма. Дустарийн а, метафорийн а къоман шатайпаналла; исбаьхьалин къамелехь церан маьIна.

### Дешархойн кхолларалин гIуллакх (Iамийнчу литературин говзарийн буха тIехь)

Дешархойн кхолларалин гIуллакххехь литературин говзаран маьIна дар: ролашца йешар, инсценировка йар; хьасене хиларан декхарш тидаме а оьцуш (тайп-тайпанчу адресаташна) исбаьхьаллин говзаран буха тIехь шен барта йа йозанан текст кхоллар; говзарна йолчу иллюстрацишна, нохчийн художникийн суьртийн репродукцишна тIе а тийжаш.

## «НЕНАН (НОХЧИЙН) МАТТАХЬ ЛИТЕРАТУРИН



## ЙЕШАР» ДЕШАРАН ПРЕДМЕТАН ПРОГРАММА КАРАЙЕРЗОРАН КХОЧУШДАН ЛОРУ ЖАМIАШ

«Ненан (нохчийн) маттахь литературин йешар» предмет «Ненан мотт а, ненан маттахь литературин йешар а» предметан декъехь Iаморан жамIаш цхьаьнадогIуш ду йуьхьанцарчу йукъарчу дешаран Федеральни пачхьалкхан стандартехь билгалйинчу дешаран предметан программа карайерзоран кхочушдан лоручу жамIийн лехамашца.

### Личностни жамIаш

«Ненан (нохчийн) маттахь литературин йешар» предмет Iаморан жамIаца дешархо кхочур ву кхетош-кхиоран гIуллакхан кху дакъошкахь хила дезачу хIокух жамIашка:

***гражданско-патриотикин кхетош-кхиорехь:***

– Шен Даймахке – Россига а – шен жимчу Даймахке – Нохчийн Республике (Нохчийчоьне) а безам кхоллабаларе, цу йукъадогIу и безам мехкан а, Даймехкан а культура а, истори а йовзуьйтуш йолу исбаьхьаллин говзаршкахула кхоллар;

– Шен этнокультурин а, Россин гражданаллин а идентичностах кхетар а, нохчийн мотт Нохчийн Республикин пачхьалкхан мотт а, шен ненан мотт а хиларх кхетар;

– Шен мехкан а, Даймехкан а дӀадаханчун а, карарчун а, хиндолчун а ша дакъа хиларх кхета, цу йукъадогӀу исбаьхьаллин говзаршца болх бечу хенахь и хьелаш дийцаре дар;

– Шен а, кхечу а къоме ларам хилар, цу йукъадогӀу и ларам исбаьхьаллин говзарийн а, фольлоран а масалш тӀехь кхоллар;

– адамах йукъараллин цхьана декъашхочух санна болу а,бакъонех а, жоьпаллех а, стаг ларарх а, ларамах а, гӀиллакх-оьздангаллин барамех а, йукъаметтигех болу а йуьхьанцара хьежам, цуьнца цхьаьна иза фольклоран а, исбаьхьаллин а говзаршкахь гайтар а;

***ийманехь кхетош-кхиоран:***

– хӀор стеган шатайпаналла, шен дахаран а, йешаран а зеделлачунна тӀе а тийжаш, тӀелацар;



– къинхетам, ларам, диканиг лаар гайтар, цуьнца цхьаьна шена хетарг а, синхаамаш а бовзийта меттан гӀирсех пайдаэцар; кхечу адамийн синхаамашна сема хилар, царах кхетар, церан гӀо лаца кийча хилар;

– кхечу адамашна дегӀана а, сина а зен дан тӀехьажийна долу цхьа а хӀума тӀецалацар (цу йукъахь ду маттаца деш долу зен а);

– нийсархошца болх бар, девне ца хила хаар а, Ӏоттабаккхаме меттиг нисйелча, и листа хаар а, цу йукъахь ду исбаьхьаллин говзарех масал эцар а;

***эстетикин кхетош-кхиорехь:***

– исбаьхьаллин культурин ларам бар а, и йовза лаар а, шен къоман а, кхечу къаьмнийн а искусствон тайп-тайпана кепаш тӀелацар а, цаьрга ларам хилар а;

– исбаьхьаллин гӀуллакхан тайп-тайпанчу кепашкахь ша гайта лаар, цу йукъахь йу дешан говзалла а;

***физически кхетош-кхиорехь, могашаллин а, синкхета-ман а культура кхолларехь а:***

– тӀетоьхна хаамаш лохучу хенахь могаш а, кхерамза а (шена а, кхечарна а) долчу дахаран бакъонаш (цу йукъайогӀу хаамийн кхерамазалла) ларйар;

– къамел дечу хенахь дегӀан а, синкхетаман а могашаллица кхоаме хилар, къамелан культура а, тӀекаренан бакъонаш а ларйар;

***къинхьегаман кхетош-кхиор:***

– стеган а, йукъараллин а дахарехь къинхьегам мехала хилар кхетар (цу йукъахь ду исбаьхьаллин говзарех масал эцар а), къинхьегаман стоьмийн тӀалам бар, болх баран тайп-тайпанчу кепашкахь дакъалацар, исбаьхьаллин говзаршкара масалш дийцаре дечу хенахь тайп-тайпана говзаллаш карайерзон лаар;



***экологин декъехь кхетош-кхиор:***

– тексташца болх бечу хенахь кхоллалуш долу Ӏаламаца кхоаме хилар;

– цунна зен деш долу хӀума тӀецалацадалар;

***Ӏилманан хаарийн мехалла:***

– дуьненах болу Ӏилманан хьежам кхоллабалар (сурт хӀоттар), цуьнан цхьа дакъа ду литературоведчески кхетамаш Ӏаморан процессехь а;

– хӀума довза лаар, жигаралла, хӀума дагадар, хааршна сутара хилар, хӀума довза лаарехь шен ойла хилар, цу йукъахь ду исбаьхаьллин говзарш йеша лаар а, шен йешаран гуо хоржучохь жигара хилар а, ша и харжар а.

## **Метапредметни жамӀаш**

«Ненан (нохчийн) маттахь литературин йешар» предмет Ӏаморан жамӀаца дешархойн кхоллалур ду дешаран **довзаран** хӀара хаарш:

***Коьрта маьІнийн дараш:***

– тайп-тайпана тексташ вовшашца йуста, тесташ йустарна бухе дахкарш билгалдан, тера йолу тексташ билгалйан;

– билггалчу цхьана башхаллашца тексташ цхьаьнатоха;

– кицанийн, аларийн, фразеологизмийн классификаци йархьама кхачаме хир йолу билгало билгалйан;

– хьехархочо шайна хьехначу тидам баран алгоритмаца тексташкахь цхьаьнадар а, цхьанацадар (бІостаналла) а карон; текстан анализ йарехь кхочушдарийн алгортиман анализ йан, текстан анализ йарехь шаьш кхочушйийр йолу дешаран операци харжа;

– хьехначу алгоритман буха тІехь декхар кхочушдан оьшу хаамаш кхачо йолуш цахилар билгалдан, тІетоьхна хаамаш лахар билгалдан;

– текстан анализ йечу хенахь бахьанийн-тІаьхьалонан зІенаш билгалйан, жамІаш дан.

***Коьрта талламан дараш:***

– педогогикин белхахочун гІоьнца Іалашо билгалйан,



къамелан хьоле хьаьжжина, шен вистхилар хийцаран план хІоттон;

– тІедиллар кхочушдаран масех кеп вовшашца йуста, мелла а йогІуш йерг (схьайеллачу критерийн буха тІехь) харжа;

– схьайеллачу планаца чолхе боцу жима таллам дІабахьа, схьайеллачу планаца проектан тІедиллар кхочушдан;

– жамІаш дан а, текстан маьІнийн анализ йаран буха тІехь долчу тоьшаллашца уьш тІечІагІдан а;

– схьайелла йолчу текстан материалан анализ йаран процессехь хьехархочун гІоьнца хаттарш хІиттон;

– цхьатерачу йа цхьатера догІучу хьелашкахь процесс дІайахаран а, хиламийн а, церан тІаьхьалонан а хила тарлуш долчун сурт хІоттон.

***Хаамашца болх:***

– Хаамаш схьаэцаран хьоста харжа: оьшу дошам, лохуш болу хаам карорхьама оьшу куьйгалла, тІечІагІдархьама;

– Схьайеллачу алгоритмаца догІуш, даррехь схьабелла хаамаш билгалдинчу хьостанехь карон: дошамашкахь, куьйгаллашкахь;

– Хаамаш бакъ йа харц хилар шайна гучудала йа хьехархочо билгалдинчу хьостанан буха (дошамашкахь, куьйгаллашкахь, Іаматехь) тІехь карон;

– Баккхийчийн (педагогикин белхахойн, дай-нанойн, бакъо йолчу векалийн) гІоьнца Интернетехь хаамаш лахаран кхерамзаллин бакъонашларйан;

– Дешаран декхаршца догІуш, текстан, графикин, видео, озан хаамаш кечбан;

– Таблицийн а, схемийн а кепехь балийнчу хаамех кхета; тексташца бинчу белхан жамІаш гайтархьама шаьш таблицаш а, схемаш а хІиттон.

Йуьхьанцарчу школехь дешар чекхдолучу хенахь дешархочун кхоллало **коммуникативни** дешаран дараш:



***ТІекаре:***

– Бевзачарна йукъахь тІекаре хиларан Іалошонашца а, билламашца а догІуш, синхаамаш бовзийта а, хетарг тІелаца а, и цхьана кепе дерзон а;

– Шеца къамел дечуьнца лараме хила а, диалог а, дийцаре дар а дІадахьаран бакъонаш ларйан;

– Тайп-тайпана хьежамаш хила йиш йолуш хилар тІелаца;

– Шена хетарг нийса а, бух балош а довзийта;

– ХІоттийнчу Іалашонца догІуш шен къамел дІахІоттор;

– Къамелан хьолаца догІуш барта а, йозанан а тексташ кхолла (довзийтар, ойлайар, дийцар);

– Шимма цхьаьна а, тобанца а бинчу белхан а, тидаман а, кхочушбинчу жимчу талламан а, проектан тІедилларан а жамІех лаьцна доцца къамел кечдан;

– вистхиларан (къамелан) текстана гайтаман материал (дехкина суьрташ, даьхна суьрташ, плакаташ) кечйан (къасто).

***Цхьаьна кхочушден гIуллакхаш:***

– йоццачу а, йехачу а ханна лерина Iалашонаш (цхьаьна кхочушдаран декхаршкахь дакъалацар тидаме оьцуш индивидуале) хьехархочо йалийнчу план хIотторан кепан буха тIехь стандартан хьолехь, йукъара гIулчаш а, хенаш а дIасайекъар;

– цхьаьна болх баран Iалашо тIелаца, и кхочушйарехь дан дезарг цхьаьна вовшахтоха: ролаш дIасайекъа, цхьаьна беш болчу белхан процесс а, жамI а дийцаре дан;

– куьйгалла дан, тIедиллар кхочушдан, ладогIа, хIоьттина хьал ша листа кийча хилар;

– шен белхан дакъа жоьпалле кхочушдан;

– йукъарчу жамIе ша диллинчу декъан мах хадон;

– схьаделлачу масалшна тIе а тийжаш, цхьаьна вовшахтоьхна проектийн тIедахкарш кхочушдан.

Йуьхьанцарчу школехь дешар чекхдолучу хенахь дешархочун кхоллало **регулятивни** дешаран дараш.

***Шен низам хилар:***

– жамI хилийтархьама дешаран декхарш кхочушдарехь шен гIуллакхийн план хIоттон;

– ша билгалдинчу кхочушдарийн рогIалла хIоттон.

***Шаталлар:***



– дешаран гIуллакхан кхиаман/эшаман бахьанаш билгалдан;

– къамелан гIалаташ а, текстан анализ йарца доьзна гIалаташ а дIадахархьама шен дешаран кхочушдарш нисдан;

– текстийн анализ йарехь хIоттинйчу декхарца жамI дуста;

– тексташца болх бечу хенахь далийтина гIалат карон;

– шен а, шеца цхьаьна доьшучеран а кхочушдарийн жамIаш дуста, схьайеллачу критеришца церан богIу мах хадон.

**Предметан жамIаш**

«Ненан (нохчийн) маттахь литературин йешар» дешаран предмет деа шарахь Iаморо кхочушдан дан деза:

Iамочу маттахь йолчу литературин Россин Федерацин цхьаъйолчу культурин шораллехь а, Россин Федерацин халкъийн литератураш йукъахь а, в сохранении и передаче от поколения к поколению историко-культурин, оьздангаллин, эстетекин механаш Iалашйарехь а, цхьана тIаьхьенера вукху тIаьхьене йаларехь а йолчу меттигах а, ролах а кхетар:

– Исбаьхьаллин литература искусствон (дешан искусствон) цхьа башха дакъа санна, тIелаца;

– Дешан кхолларалин говзарш искусствон кхечу кепашца (суртдиллар, музыка, суртдаккхар, кино) цхьаьнайуста;

– Тайп-тайпанчу къаьмнийн литератураша вовшашца цхьаьна болх барх а, вовшашна тIеIаткъам барх а, Россин Федерацин субъектан культурин а, гIиллакх-оьздангаллин а, эстетикин а йуьхь кхолларехь къоман фольклоро а, исбаьхьаллин литературо а лоцучу декъах йуьхьанцара хьежам (хаарш) хила;

– Россин Федарийн къаьмнийн а, дуьненан къаьмнийн а исбаьхьаллин говзарш йустучу хенахь йукъара дерг а, башха дерг а карон;

1) МаьIна даран йешар карадерзор а, литературин теорин



коьртачу элементийн маьIнех а, ойланех а кхетар:

– МаьIна даран хезаш йешаран техника карайерзор (дешаран тайп-тайпана декхарш а, киншкица хьан-сан хиларан хьогамах садузоран а Iалашонца тайп-тайпанчу кепийн, жанрийн, тIехьажорийн текстийн маьIнех кхета а, тIелаца а, маьIна дан а тар луш долу нийса шера йешар, йешар ладогIархоша кхеташ тIелацар);

– МаьӀна даран дагахь йешаран техника карайерзор (йешначун маьӀнех а, чулацамах а кхетар, хаамийн мах хадор, текстан маьӀна нийсад даран а, и тӀелацаран а кхачаме хиларна тӀехь тергам латтор);

– Фольклоран говзарийн кегий жанраш вовшах къастон (фольклоран кегий жанраш, туьйранаш, легендаш, мифаш);

– Шен къоман фольклоран говзарийн коьртачу маьӀнех а, тӀехьажорах а кхета (хазахетар дан, Ӏамон, ловзарехь пайдаэца), шен къоман (кхечу къаьмнийн) туьйранийн, хӀетал-металийн, кицанийн, аганан иллийн масалш далон;

– Гергарчу меттанийн фольклоран говзарш вовшашца йуста
(тема, коьрта тема, турпалхой);

– Говзаран цӀе цуьнан темица (Ӏаламах, историх, берех, диканах, вонах) цхьаьнайалон (йуста);

– Шен къоман (кхечу къаьмнийн) берийн литературин исбаьхьаллин йоца жанраш вовшех къастон – байт, дийцар, басня;

– йешначу литературин говзаран анализ йан: тема, коьрта Ӏалашо, хиламийн рогӀалла, исбаьхьаллин вастийн гӀирсаш билгалбан;

– текстан чулацамехула хаттаршна жоьпаш дала;

– текстехь ненан меттан суртхӀотторна а, вастийн а гӀирсаш карон (эпитеташ, дустарш, олицетворениш);

2) тестехь беллачу хаамах кхетарна а, тӀелацарна а Ӏамор, дешархойн йешаран а, эстетикин а чам кхоллар:

– тайп-тайпана (исбаьхьаллин, Ӏилманан, куьйгаллин)ексташ йешаран Ӏалашо билгалйан;

– йешаран хьагам йухатоха (кхочушбан), хаамаш карон, хаарийн гуо шорбан;

– Ӏаморан а, практикин а декхарш кхочушдархьама, йешаран тайп-тайпана кепаш (довзаран, талларан, къастийна, лахаран) карон;

– Текстана хаттарш хӀиттон, и схьайийцаран а, изложени йазйаран а план хӀоттон;

– Шаьш йеша лаам гайтар, авторан цӀарна, говзаран жанрана, киншкина йолчу иллюстрацина тӀе а тийжаш, шайн йешаран сатийсар билгалдар;

– Фольклоран говзарш ролашца йеша, уьш драме йерзорехь дакъалаца;

– Нийсархошца долчу литературин темина дийцаре даршкахь дакъалаца, шайн хьежамийн бух балон;

– фольклоран материала тӀехь тӀехь кхолларалин белхан кхочушбан (туьйранан чаккхе, хӀетал-метал кхоллар, дакъалоцуш верг (турпалхо) хийца а хуьйцуш, схьайийцар).

## Предметан жамӀаш дешаран шеращца

### 1 класс

Дешархочунна Ӏемар ду:

– ша а, дуьне а, къоман истори а, культура а йовзарехь нохчийн литературин мехаллех кхета;

– нохчийн литературин говзарийн мьӀна даран цхьайолу корматалла карайерза;

– нохчийн литературин говзарш йешаран зеделлачух къамел шардарехь пайдаэца: ладоьгӀна/йешна текст йийцаре йарехь дакъалаца;

– дешан маьӀнех совнаха хаамаш бовзархьама Ӏаматан дошамах пайдаэца;

– шайн харжамцца байтийн говзарш дагахь йийца.

– йешаран индивидуале болар тидаме а оьцуш, дешдакъошца а, дийнна дешнаш а шера деша;

– лерсица тӀелаьцна йолчу йолчу, ткъа иштта классехь йешначу а говзарийн чулацамах кхета, царна тӀехь маьӀнин коьрта дакъош билгалдаха;

– йешначун маьӀнех а кхеташ, текстехь билгалйина меттигаш дагахь йеша;

– тайп-тайпанчу авторийн 3–4 байт дагахь йийца;

– киншки тӀехь «Чулацам» йа «Корта» агӀо карон; «Чулацамна» тӀе а тийжаш, киншки тӀехь оьшу говзар карон;

– говзаран текстехула хаттарш дан а, текстах пайда а оьцуш, жоьпаш дала а;

– байташкахь йазйинчу говзаран башхаллаш йовзар (ритм, рифма и. кх. дI.), говзарийн башхаллаш вовшах къастор (халкъан а, авторан а туьйра, и. кх.дI.), литературин приемаш йовзар



(дустар, олицетворени, контраст, и. кх. дI.);

– прозехь йазйина говзар байтах къастон;

– фольклоран кегий жанраш къастон: хIетал-метал, дагардар, чехкаалар;

– текстехь исбаьхьаллин сурткъагоран гIирсаш (йух-йуха алар; дешнийн хьастаран-жимдаран кеп, айдаран а, хаттаран а хьаьркаш, рифмаш) каро;

– туьйранийн сюжетан-композицин башхаллаш къастон;

– литературин а, фольклоран а жанраш йукъара дозанаш лелаш хилар карон (забара йукъа тIехтоман байташ йогIу; аганан илли йукъа — кхайкхаргаш; дийцара йукъа — туьйра, и кх. дI.);

– ролашца йешар, инсценировка, драматизаци, барта дешнашца суртдиллар, репродукцишца болх, шаьш престаш кхоллар;

– йешначун чулацамах кхета; текстан башхаллаца догIуш ма-хиллара оьшуш долу болар а, соцунгIаш а, азайдар а кхета а кхеташ, харжа;

– исбаьхьаллин говзар (цуьнан фрагмент) ролашца а, кар-кара луш а йеша;

– иллюстрацишка хьовса а, текстан цхьаьнайогIучу фрагментаца йа коьртачу ойланца (синхаамца, сагатдарца) уьш йуста а;

– фольклоран кегий жанраш (хIетал-метал, дагардар, аганан илли) практикехь карайерзон а, суртхIотторан гIирсийн (йишмаIаш, уьшарш, интонаци) гIоьнца церан инсценировка йан а;

– билггалчу тексташна йогIу иллюстрациш карон, тексташ а,иллюстрациш а вовшашца йуста;

– дешаран Iаматах паргIат пайдаэца, аьлча а, билламийн билгалонийн мотт беша; агIонехь билгалдаьхна могIанаш а, дешнаш а сихха карон; оьшу иллюстраци карон;

– хаамийн шина хьостанца (дешаран Iаматца а, ша болх бан леринчу тептарца а; дешаран Iаматца а, хрестоматица а)



болх бан, аьлча а, Iаматан а, белхан тептаран а, хрестоматин а билламан билгалонаш дуьхь-дуьхьал хIитто; ша болх бан леринчу тептаран а, хрестоматин а оьшу дакъош каро;

– парти тIехь цхьаьна волчу лулахочуьнца болх бан, вовшашна йукъахь болх бекъа, шен болх кхочушбан а, вовшаша бина болх талла;

– кар-кара луш болх бан;

– шина хьежамна а, шина агIонна а йукъара башхаллаш ган;

– хаттаршна жоьпаш тайп-тайпанчу кепехь дала мегаш хиларх кхета;

– ша тIетовш волу жоп тIечIагIдархьама тексте кховда.

## 2 класс

Дешархочунна Iемар ду:

– йешначун оьздангаллин чулацамах кхета, турпалхойн леларш оьздангаллин барамашца дуста;

– метофорийн, олицетворенийн, эпитетийн къоман шатайпаналлех кхета а, текстехь исбаьхьаллин сурткъагоран и гIирсаш ган а;

– нохчийн литературин говзарш йешаран процессехь йешаран хаарш шардар: хезаш а, дагахь а йеша, исбаьхьаллин а, дешаран а текстийн маьIна даран приемех кхета;

– нохчийн литературин говзарш йешаран зеделлачух къамел шардарехь пайдаэца: ладоьгIна/йешна текст йийцаре йарехь дакъалаца, текстана тIе а тийжаш, шена хетарг тIечIагIдан;

– шен йешаран гуо шорбан;

– йешначу а, ладоьгIначу а говзарех хетарг искусствон кхечу кепех хиллачу синIаткъамца дуста.

– дийнна дешнаш хезаш деша, индивидуале таронашка хьаьжжина, йешаран чехкалла жим-жимма алсам а йоккхуш;

– довзаран а, бIаьргтохаран а, хаьржинчу а, талламан а йешаран процессcсехь дагахь йеша;

– доцца монологан алар хIоттон: хьехархочун хаттарна доца а, даьржина а жоп;

– шеца къамел дечуьнга ладогIа (хьехархочуьнга а, классехь цхьаьна доьшучаьрга а): цхьамма делла жоп тIаьххье ца дала, кхечо делла жоп керлачу чулацамца тIедуза;

– нохчийн литературин 2–3 классикан цIе йаккха,



– кхузаманан 2–3 йаздархочун (поэтан) цIе йаккха;

